

Jwe se yon aktivite ki amizan. Chòk yo pa amizan! Men kèk ti konsèy pou pwoteje timoun yo.

KÈK TI KONSÈY POU SEKIRITE SOU JWÈT



Chwazi Jwèt ki Kòrèk pou chak laj

- Li etikèt yo epi toujou swiv eksplikasyon fabrikan an.
- Asosye jwèt yo avèk laj, enterè ak ladrès yon timoun.
- Mete jwèt pou pi gran timoun yo lwen tibebe yo ak jèn bebe yo.
- Pa janm achte ni fè kado jwèt ki kraze oswa jwèt yo rantrè sou mache a.

Pwoteje Timoun yo

Jwèt kapab toufe, trangle oswa sifoke

- Jete balon ki plat oswa balon ki eklate ak anbalaj plastik yo.
- Mete jwèt ak atik kay ki gen kòd, fil oswa pèl long lwen jèn timoun yo.
- Pa kite jèn timoun yo jwe avèk mab, sache plastik oswa jwèt ki gen ti pyès oswa pyès ki lache.

Jwèt yo kapab boule oswa choke timoun yo

- Siveye timoun yo depre lè y ap jwe avèk jwèt ki elektrik oswa ki vini avèk chajè ak adaptè.

Jwèt yo kapab gen pwazon oswa yo kapab lakòz chòk andedan.

- Pa kite timoun yo ni mete bijou granmoun, atik nou-vote, ti pil oswa leman nan bouch yo, ni vale yo. Bijou granmoun yo ak atik nouvote yo kapab gen plon oswa lòt metal lou.

Jwèt yo kapab koupe timoun yo oswa bay yo chòk

- Evite jwèt ki gen pwent file, pwen, dan ak fil ki ekspoze. Jwèt ti flèch, jwèt lans-wòkèt ak lòt jwèt k ap vole nan lè kapab lakòz timoun yo pran chòk.



Ankouraje Timoun Monte Bisiklèt an Sekirite

- **Mete yon kask.** Tout moun ta dwe fè sa, epi se lalwa pou timoun ki gen laj 13 zan ak mwens.
- **Monte bisiklèt an sekirite.** Swiv règleman wout la. Timoun ki gen 12 zan ak mwens gen pèmasyon monte bisiklèt sou twotwa a.

Aprann plis

- Depatman Vil New York (New York City Health Department): **Rele 311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov epi chèche “**Healthy Homes**”
- Komisyon Etazini pou Sekirite Pwodui Konsomasyon (U.S. Consumer Product Safety Commission): www.recalls.gov
- Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health): www.health.ny.gov/environmental/children/recalls.htm
- New York City’s Vision Zero Traffic Safety Initiative: www.nyc.gov/visionzero